


TRUTH
CENTERED
TRANSFORMATION

MODULE 2



HUMAMBO HWAMWARI Bhuku Remudzidzisi

Chidzidzo Chekutanga: Humambo HwaMwari

Pfungwa Huru: Humambo hwaMwari ndipo pose Jesu paanenge ari Mambo uye mitemo yake ichiteedzwa. Humambo hwaMwari hunokura apo vanhu vakawanda pavanosvika pakuterera Mwari uye patinomuteerera zvizere.

Nhanganyaya

Jesu paakararama panyika, akagova hurongwa hwake. Hurongwa hwake hwakataurwa makumi mapfumbamwe nesere muTestamente Itsva.

Ruka 4:43

Akati, 'Ndinofanira kuzivisa mashoko akanaka oHumambo hwaMwari kumamwe magutawo, nokuti ndizvo zvandakatumirwa'.

Mabasa 1:3

Shure kwokutambudzika kwake, akazviratidza kwavari uye akavapa uchapupu huzhinji hwokuti akanga ari mupenyu. Akazviratidza kwavari mumazuva makumi mana akataura nezvouvambo hwaMwari.

- Humambo hwaMwari huri pose Jesu paanenge ari Mambo uye mitemo yake ichiteedzwa.
 - Patinonamata Jesu ari saMambo uye tichiedza kumufadza, tinova vagari vomuHumambo hwaMwari.
 - Humambo hwaMwari hauna kuzara kusvika Jesu auya zvakare uye zvinhu zvese zvaitwa zvitsva uye pasina chitadzo.

Madingindira Akakosha

Jesu ndiye Mambo wedu Akakwana

Mufananidzo weNyaya: Mambo weThailand

Mambo weThailand aivepo mumashure, Mambo Bhumibol Adulyadej, aive mambo akanaka. Nazvino vanhu vachiri kutaura nezvake nerudo rukuru. Aifarira ruvara rweyero, saka vanhu vese vaipfeka hembe dzeyero pazuva reMivhuro roga roga. Pane imwe nguva mukutonga kwake, mauto akatora hurumende muThailand. Kwakanga kuine hondo mumigwagwa. Vatsigiri vehurumende vakarwa nevatsigiri vemauto. Munhu wese ainetsekana kuti hondo ikuwedzera. Ipapo Mambo akataura. Akaudza munhu wese kuti arege kurwa. Akaudza vanhu kuti vagadzirire kuita sarudzo. Kurwa kwakabva kwamira ipapo. Hapana akakavadza Mambo. Vaingoita zvaakataura. Kunyange kana vakanga vachiri kunzwa kutsamwa, zvakanga zvisina basa. Kufadza Mambo kwaikosha kudarika zvavainzwa.

- Vanhu vekuThailand vakamuteerera nekuti vaimuda.

- Jesu ndiye Mambo wedu akakwana.
 - Ane rudo. Anoziva zvose. Ane simba rose. Akasika nyika.
 - Ane ruzivo rwakakwana. Anoziva mashandiro chaiwo anoita zvose.
 - Akanaka. Anoda zvakanakira nyika nesu tose tiri mairi. Mitemo yake yakanakira isu.
 - Tinofanira kutsvaka kufadza Mambo wedu Jesu uye nokuita zvose zvaanotaura. Akakodzera kuti timuteerere.

Mwari vanotidana kuti tivake Humambo hwavo

Mateo 6:9-10

Aya, zvino, ndiwo manyengeterero amunofanira kuita:

‘Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe noutsvene.

Umambo hwenyu ngahuuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvakunoiwa kudenga.’

- Mwari vanoda kuti tivake humambo hwake pano panyika. Pane nzira mbiri dzatingavaka nadzo Humambo hwaMwari.
 - Kuwedzera huwandu hwevanhu vanoteerera Mwari (vakaponeswa).
Tinofanira kutaura nhau dzakanaka dzaJesu kunevanhu vasingamuzive.
Tichataura zvizhinji pamusoro peizvi munechimwe chidzidzo.
 - Munhu woga woga oteerera Mwari zvizere (muchikamu chose chehupenyu, uye panguva dzese)

Mwari vanotidana kuti titeerere muzvinhu zvose

Vakorose 3:17

Uye zvose zvamunoita kana kutaura, itai somumiriri walshe Jesu, muchivonga Mwari Baba kubudikidza naye.

1 VaKorinte 10:31

Naizvozvo, kana muchidya kana kunwa, kana chipi nechipi chamunoita, itai zvose kuti Mwari akudzwe.

Mavhesi ose ari maviri anodzokorora pfungwa ‘yezvose zvatinoita’.

- Mavhesi ose arimaviri anodzokorodza pfungwa yekuti ‘pazvinhu zvose zvatinoita’.
 - Vakorose: ‘pazvinhu zvose zvaunoita, mungava mumashoko kana muchiito’
 - Vakorinde: ‘pangava pakudya or pakunwa kana pazvinhu zvose zvaunoita’
 - Zvakadzokorodzwa kusimbisa kuti ZVOSE zvatinoita zvinofanira kuunza mbiri kuna Mwari.
- Mwari vanoda kuti timufadze nekumukudza nguva dzose. Izvi zvinovaka Humambo hwaMwari.

Mienzaniso pakuteerera pazvinhu zvose

- Tinokwanisa kuunza mbiri kunaMwari nenzira yatinowacha nayo mbatya.
 - Zviite uchifara kwete kunyunyuta.
 - Ita zvakanaka, uchichenesa zvinhu.

- Imbira Mwari nziyo dzokurumbidza uye mutende kuti wakwanisa kumushandira.
- Tinokwanisa kuunza mbiri kunaMwari nenzira yatinosakura nayo munda.
 - Tinokwanisa kukasika kutanga uye kushanda nesimba kuti tisakure masora ose.
 - Fara nokuitira mhuri yako uye basa rakanaka.
 - Kurudzira vamwe vanhu varikushanda
- Tinokwanisa kuunza mbiri kunaMwari nenzira yatinobata nayo vamwe.
 - Koka vavakidzani kuzonwa svutu gadzike.
 - Batsira vamwe kugadzirisa imba yavo.
 - Ipawo mazano ekushandisa ruzivo rutsva rwekurima.

Mhedziso uye Mashandisiro

- Jesu ndiMambo wedu. NdiMambo vanerudo, simba nohuchenjeri.
- Sevateveri vake tinofanira kuteerera mitemo yake muzvikamu zvose zvehupenyu hwedu. Mumwe wemitemo iyoyo ndeyekuunza mbiri kwaari mune zvese zvatinoita. Izvi zvinovaka huMambo hwaMwari.
- Sarudza mabasa maviri ezuva nezuva. Funga kuti ungaita zvinhu sei nenzira inoita kuti Mwari akudzwe. Zvipire kushanda muzvikamu izvi mumwedzi mishoma inotevera.

Mufundisi: Namatira ungano, kuti Mwari avabatsire kuvaka HuMambo hwake, uye nekuita hurongwa hwake.

Chidzidzo Chechipiri: Tsika dzeHumambo

Pfungwa Huru: Bhaibheri rinotidzidzisa kurarama sevanhu veHumambo

Wongororo yeChidzidzo chekutanga

- Humambo hwaMwari huri pose apo Jesu paanenge ari Mambo uye mitemo yake ichiteerwa.
- Humambo hwaMwari hunokura pose vanhu pavanosvika pakuteerera Mwari uye patinomuteerera zvakazara.

Nhanganyaya

Unotora nguva yakawanda seyi uchifunga nezvekuwana chikafu chakakwana chekudya? HoUnotora nguva yakawanda sei uchifunga kuti ungawana sei chimwe chinhu chaunoda kana chaunoshuwira?

- Muna Mateo 6:31-33, Jesu aitura nevanhu vainetseka pamusoro pohupenyu.
Naizvozvo musafunganya, muchiti, ‘Tichadyeiko?’ kana, ‘Tichanweiko?’ kana ‘Tichapfekeiko?’ Nokuti vahedheni vanomhanyira zvinhu zvose izvozvi, uye Baba venyu vokudenga vanoziva kuti munoshayiwa izvozvo. Asi tangai kutsvaga umambo hwake nokururama kwake, uye zvinhu zvose izvi zvichapiwawo kwamuri.
- Jesu anoti tisazvinetse, asi titsvake Humambo hwaMwari kupfuura zvimwe zvese. Zvadaro, tichavawo nezvose zvatinaoda
- Kutanga kutsvaga Humambo hwaMwari ndiwo mararamiro atinoita maererano netsika dzeHumambo.

Madingindira Akakosha

Tinokwanisa kuziva nzira ‘Yokutanga kutsvaga Humambo’ nekutarisa hupenyu hwaJesu.

- Jesu ndiye muenzaniso wedu wakakwana. Aigara achiita kuda kwaBaba vake.
- Tinokwanisa kuziva nzira ‘yokutanga nekutsvaga Humambo hwaMwari’ nekutarisa hupenyu hwaJesu.

Johani 21:9,12 – Jesu akabikira vadzidzi vake zvokudya.

Vakati vaburuka, vakaona moto wemazimbe uchipfuta une hove pamusoro pawo, nechingwa... Jesu akati kwavari: Uyai mudyemba.

Mako 1:35 – Jesu akanamata arioga.

Mangwanani-ngwanani, kuchakasviba, Jesu akamuka, akabuda mumba, akaenda kunzvimbo murenje, kwaakandonyengerera.

Johani 2:1-2 – Jesu akaenda kumuchato.

Pazuva rechitatu muchato wakaitwa paKana yomuGarirea. Mai vaJesu vaivapo, uye Jesu navadzidzi vake vakanga vakokwawo kumuchato.

Mateo 14:14 – Jesu akarapa vanhu

Jesu akati aburuka uye akaona vanhu vazhinji zhinji, akavanzwira tsitsi uye akaporesa varwere vavo.

Mako 1:39 – Jesu akafamba, achidzidzisa uye achidzinga madhimoni.

Saka akafamba nomuGarirea yose, achiparidza mumasinagoge avo uye achidzinga madhimoni.

- Kunyange zvazvo Jesu akanga asingagari achidzidzisa kana kuporesa kana kunyengetera, aigara achitsvaka Humambo hwaMwari.
- Hatifaniri kunge chete tichidzidzisa, kuporesa, kuimba, kana kunyengetera kuti tiunze mbiri kuna Mwari.
- ‘Tanga kutsvaka Umambo hwaMwari’ zvinoreva kuti tinoita zvinhu zvose nenzira dzinofadza Mwari uye dzinounza mbiri kwaari – sezvakaitwa naJesu.

Tinofanira kushandisa Bhaibheri pazvikamu zvose zvehupenyu hwedu.

- Bhaibheri rinotidzidzisa tsika dzeHumambo, mirau, uye mitemo kuti tirame upenyu hunofadza Mwari.
- Dzimwe nguva zvinodzidziswa neBhaibheri zvinenge zvakafanana nezvinotaurwa netsika dzedu nemagariro. Somuenzaniso, mutsika dzakawanda dzinofunga kuti pwere dzinofanira kuremekedza vakuru vavo. Izvi ndizvo zvinotaurawo Bhaibheri. Asi dzimwe nguva tsika dzedu dzinosiyana nezvinotaurwa neBhaibheri. Tinofanira kusarudza nzira dzaMwari kana tichizovaka Humambo hwaMwari pasi pano.

(Vafundisi: Makaita basa iri pakudzidza kwenyu. Sarudzai mienzaniso inoverengeka kubva pane iri pazasi inoshanda kuungano yenyu. Rondedzerai zvinowanzoitwa mutsika dzenyu.)

(Somuenzaniso: ‘Vatungamiriri vanoudza vanhu zvokuita uye vanhu vanoteerera uye vanoremekedza vatungamiriri.’) Zvadarwo ratidza kubva mundima dzacho kuti Bhaibheri rinoti tinofanira kuita sei muUmambo hwaMwari. Sarudza mamwe maitiro anotaure zvakafanana netsika dzako neBhaibheri, wobva wasarudza mamwe anotaure zvakasiyana nezviri muBhaibheri.

Hezvino izvo Bhaibheri zvinotaurwa pamusoro pemamwe mativi akasiyana-siyana oupenyu.

- Maitiro anofanira kuita vatungamiriri- Matthew 20:25-28
Jesu akavadana pamwe chete akati, ‘Munoziva kuti vatongi vavaHedheni vanobata ushe pamusoro pavo, uye vabati vavo vakuru vanoshandisa simba pamusoro pavo. Hazvina kudaro kwauri. Asi ani naani anoda kuva mukuru pakati penyu anofanira kuva muranda wenyu, uye ani naani anoda kuva wokutanga anofanira kuva muranda wenyu, sezvo Mwanakomana woMunhu asina kuuya kuzoshumirwa, asi kuzoshumira, nokupa upenyu hwake sorudzikinuro kune vakawanda’.
- Varume vanofanira kuita sei - VaKorose 3:19
Varume, idai vakadzi venyu uye regai kuvaitira hasha
- Vakadzi vanofanira kuita sei- VaEfeso 5:22,33

Zvisinei hazvo, mumwe nomumwe wenyuwo anofanira kuda mukadzi wake sezvaanozviita, uye mukadzi anofanira kuremekedza murume wake.

- Mabatiro atinofanira kuita vana - VaEfeso 6:4
Madzibaba, regai kunetsa vana venyu; asi, varerei pakuranga nokurayira kwaShe.
- Mabatiro atinofanira kuita vanhu - Mateo 22:36-39
*Mudzidzisi, ndoupi murayiro mukuru pane yose muMutemo?’
Jesu akapindura kuti: ‘Ida Jehovha Mwari wako nomwoyo wako wose nomweya wako wose nepfungwa dzako dzose.’ Ndiwo murairo wekutanga uye mukuru. Uye wechipiri wakafanana nawo: “Ida muvakidzani wako sezvaanozviita.”*
- Mabatiro atinofanira kuita vavengi vedu - Ruka 6:27-28
Asi ndinoti kwamuri imi munondinzwa: Idai vavengi venyu, itai zvakanaka kune vanokuvengai, ropafadzai vanokutukai, nyengeterera vanokuitirai zvakaipa.
- Maitiro atinofanira kuita pabasa redu - VaEfeso 6:7-8
Mushande nomwoyo wose, sokunge munoshandira Ishe, kwete munhu, nokuti munoziva kuti Ishe achapa mubayiro mumwe nomumwe pane zvose zvakanaka zvaanoita, angava muranda kana akasununguka.
- Maonero atinoita zvakatipoterredza - Mapisarema 24:1
Nyika ndeyaJehovha, nezvose zviri mairi, pasi pose, navose vanogaramo;
- Maonero atinofanira kuita avo vave pedyo nerufu - Johani 11:25-26
Jesu akati kwaari, ‘Ndini kumuka noupenyu. Unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama; uye ani naani anorarama nokutenda kwandiri haangatongofi. Munozvitenda here izvi?’
- Maonero atinoita vanotambudzika - Jakobho 1:2-3
Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji zhinji, nokuti munoziva kuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira.

Mhedziso uye Mashandisiro

- Pane zvinhu zvakanakanda zvakanaka pamusoro petsika dzedu.
- Tsika dzedu dzinewo zvimwe zvikamu zvisingaenderani neBhaibheri. Kana tichida kuteerera Mwari, tinofanira kutsvaka zvikamu izvo Bhaibheri rakasiyana netsika dzedu. Ipapo tinofanira kusarudza kutevera Bhaibheri.
- Edza kufunga kuti unganyatsotevedzera sei zvinodzidziswa neBhaibheri kwete kungotevedzera tsika dzako. Ndezvipi zvimwe zvikamu zvaungade shanduko pachezvako?

Chidzidzo Chechitatu (chikamu chekutanga): Kunzwisisa nhau yebasa maererano neBhaibheri

Pfungwa Huru: Basa rakanaka, uye Mabasa ose anonza mbiri kunaMwari.

Ongororo yeChidzidzo chekutanga nechechipiri

- Humambo hwaMwari huri pose apo Jesu paanenge ariMambo uye mitemo yake ichiteedzwa. Humambo hwaMwari hunokura apo pose vanhu pavanosvika pakuteerera Mwari uye patinomuteerera zvizhinji.
- Bhaibheri rinotidzidzisa kuti tingararama sei sevanhu voHumambo pazvikamu zvose zvehupenyu.

Nhanganyaya

Dzimwe nguva vanhu vanofanira kuzvisundidzira kuti vasimuke vaende kubasa. Vanofunga kuti zvingava zvakanaka sei kuramba vakarara kwenguva yakareba sezvavanoda. Vanofunga kuti zvaizova zvakanaka kugara pamba vachiita zvavanoda.

Isu dzimwe nguva tinofunga kuti munyika yakakwana, taisazofanira kushanda. Basa mubairo weKupunzika nechivi here? Ngationei kuti Bhaibheri rinotii nezvebasa.

Mazano Akakosha

Mwari akasika basa sechinhu chakanaka

Genesisi 2:2

Pazuva rechinomwe Mwari akapedza basa raakanga achiita; naizvozvo nezuva rechinomwe akazorora pabasa rake rose.

- Vakaita basa chivi CHISATI chapinda munyika.
- Vakasika nyika yose.
- Vakadyara bindu.
- Takaitwa nemufananidzo waMwari. Takagadzirwa kushandawo.

Genesisi 2:15

Jehovha Mwari akatora munhu akamuisa mumunda weEdheni kuti aurime nokuuchengeta.

- Adhamu akapiwa basa romurimi webindu chivi CHISATI chapinda munyika.
- Munyika yakakwana yakanaka, vanhu vaizoramba vachishanda. Basa chikamu chezvisikwa zvakanaka zvaMwari.

Basa rinodzoreredza chiremerera chedu uye rinotipa nzira yekushumira

- Tinowana chiremerera mukushanda.
 - Rute navamwene vake vaiva varombo zvikuru. Rute akawana basa mumunda waBhoazi, uyo akamufarira ndokuziva kuti akanga aitira vamwene vake mutsa zvikuru.

Rute 2:15-16

Paakasimuka kuti aunganidze, Bhoazi akarayira varume vake achiti, 'Ngaunganidze pakati pezvisote uye musamutuka. Kutovhomora mamwe mashanga mumasumbu acho mosiya kuti atore, uye musamutsiura'.

- Bhoazi haana kungopa Rute zviyo. Panzvimbo pezvo, akaita kuti zvivire kuti aite basa kuti awane zvokudya zvake. Nokuita izvi, Bhoazi akapa Rute chiremerera.

- Kushanda nesimba kunoita kuti vanhu vakuremekedze uye iwe hauzotadze kuzvimirira.

1 VaTesaronika 4:11-12

*Itai kuti muve neshungu dzokurarama upenyu hwakanyarara: Munofanira kuva nehanya nezvinhu zvenyu moga uye mushande nemaoko enyu, sezvatakakuudzai, kuitira kuti upenyu hwenyu hwezuva nezuva **huwane rukudzo kune vari kunze uye kuti murege kuvimba nomunhu upi zvake.***

- Tinogona kuriritira mhuri dzedu.

1 Timotio 5:8

Ani naani asingachengeti hama dzake, uye zvikuru sei veimba yake, arasa kutenda uye akaipa kukunda asingatendi.

- Tinogona kupa kuvarombo nekukereke.

Vaefeso 4:28

Wakaba ngaarege kubazve, asi ngaashande, achiita chinhu chinobatsira namaoko ake, kuti ave nechimwe chinhu chaangagovera vanoshayiwa.

Basa rinotipa chiremerera. Zvinotibvumirawo kushandirana kuburikidza nehunyanzvi hwedu.

Muenzaniso weNyaya: Murimi anoshanda nesimba uye anoratidza rudo kune vamwe

Mumwe mukadzi ane purazi muTogo akati, 'Kare, ndaiona basa sechituko. Dzimwe nguva ndaiswera mumunda ndisina chandaita. Asi iye zvino ndava kunzwisisa kuti Mwari vanoda kuti tishande tichivakudza. Basa rinogonawo kutibatsira kuti tide vavakidzani vedu. Iye zvino pandinoenda kumunda, ndinoshanda nesimba. Ipapo, ndisati ndadzoka, ndinotsvaka huni. Ini ndinotora zvimwe zvacho kunopa kuanhu vakura kuti vafare." Mufundisi wemukadzi

uyu anobvuma kuti vanhu vemuchechi vakachinja mafungiro avo nezvebasa. Nokuda kwaizvozvi, avo vari muchechi vaimboshayiwa zvokudya zvino vane zvokudya zvinokwana gore rose. Zvakare, vanhu munharaunda vaimbosafarira chechi vanofara kuuya kana vakokwa kuzviitiko zvechечи. Izvi zvinokonzerwa nerudo rwavanoratidzwa nevaKristu.

- Mudzimai uyu ari kushandisa basa rake somurimi kuunza mbiri kuna Mwari.
- Haatsamiri pane vamwe kuti abatsirike. Ane chiremerera pakuriritira mhuri yake.
- Anokwanisa kubatsira vamwe. Arikubatsira pakuita kuti Humambo hwaMwari hukure.

Mhedziso uye Mashandisiro

- Basa chinhu chakanaka, chakasikwa naMwari. Basa rinotibvumira kuva nechiremerera uye kupa vamwe.
- Tenda Mwari nekukupa basa rakanaka rekuita. Mukumbire kuti akubatsire kushanda nesimba kuti ugokwanisa kuriritira mhuri yako nekuropafadzawo vamwe.

Chidzidzo Chechitatu (chikamu chechipiri): Mwari Vane Hanya Nemaitiro Atinoita Basa Redu

Pfungwa Huru: Mhando dzese dzemabasa anogona kuunza mbiri kuna Mwari. Tinofanira kuita basa redu nenzira dzinokudza Mwari.

Ongororo yeChidzidzo Chechitatu (chikamu chekutanga)

- Basa chinhu chakanaka, chakasikwa naMwari. Basa rinotibvumira kuva nechiremerera uye kupa vamwe.

Nhanganyaya

Fungidzira iwe wakakumbira mwana kuita chimwe chinhu. Mwana anonyunyuta uye anoita basa shoma sezvinobvira. Zvino funga nezvomwana anotanga basa racho pakarepo uye nomufaro uye anoshanda nesimba kusvikira raitwa. Mwana upi ari kunyatsoteerera?

Dzimwe nguva tinofunga kuti hazvina basa kuna Mwari kuti tinoita sei basa redu. Nei Mwari achifanira kuva nehanya nemabatiro atinoita basa redu, chero bedzi richingoitwa? Bhaibheri rine zvakanakisa zvokutaura pamusoro pemaitiro atinofanira kuita mabasa edu.

Madingindira Akakosha

Mhando dzose dzemabasa dzinokudza Mwari

- Dzimwe nguva tinofunga kuti mamwe marudzi ebasa akakosha kupfuura mamwe. Iyi haisiro nyaya iri muBhaibheri.
 - Mwari vakadyara bindu. (Genesisi 2:8)
 - Mwari vakapa Adhamu basa rokurima bindu nokutumidza mhuka mazita. (Genesisi 2:15-20)
 - Mwari vakapa Noa basa rekuvaka ngarava. (Genesisi 6:13-14)
 - Mwari akapa Gidheoni basa rekutungamira hondo pakurwisa muvengi walsraeri. (Vatongi 6:14)
 - Mwari akapa Mosesi basa rokusangana naFarao (mambo weljipiti) ozotungamirira vanhu vaMwari kubuda muljipiti. (Eksodho 3:10)
- Mwari vaiona mabasa aya akakosha sekutungamira kereke kana kuparidza mharidzo.
- Chero bedzi zvatiri kuita zvisiri chivi, chero basa ripi zvaro ratinoita rinogona kushandiswa kukudza Mwari.

Basa rose rinopiwa naMwari rinokosha. Kuva muparidzi kana muvhangeri ibasa rinokudzwa. Ndizvo zvakanakisa kurima, kuva muvezi, kana kuti kuva mudzidzisi. Tinoda vanhu kuti

vatidzidzise pamweya. Tinodawo kuti vanhu varime chikafu chekudya, vavake pekugara, uye vadzidzise vana vedu.

Mwari vane hanya nebasa ratinoita.

VaTesaronike vechipiri 3:10-12

Nokuti kunyange pataiva nemi, takakupai murayiro uyu wokuti: 'Uyo asingadi kushanda ngaarege kudya. Tinonzwa kuti vamwe pakati penyuru havana chavanoita uye vanovhiringa. Havana kubatikana; vanobatikana. Vanhu vakadaro tinovarayira uye tinovakurudzira muna Ishe Jesu Kristu kuti vagare vachishanda vagodya.

- Mwari vanoda kuti tive nemafungiro akanaka uye tishande nesimba.

VaKorose 3:23

Zvose zvamunoita, itai zvose nomwoyo wose, savanhu vanoshandira Ishe, kwete vanhu.

- Tinofanira kushanda sekuti Mwari ndiye tenzi wedu.

Kwenguva yakawanda yeupenyu hwaJesu, Aive muvezi. Fungidzira dai wakamuona muchitoro Chake.

- Angadai akashanda nesimba kugadzira midziyo yakanaka.
- Angadai asina kumbobvira anyunyuta, asi akashanda nomufaro.
- Angadai akashanda nesimba aine mumwe munhu sezvaaishanda ari ega.

Mufananidzo weNyaya: Mukadzi aneBhizimusi reKusona

Gore rakapera, ndakanga ndisina hanya nebasa. Ndine bhizimusi rekusona. Dzimwe nguva vanhu vaihodha zvinhu, uye ndaisaremekedza nguva yatakabvumirana. Vaiuya kuzotora zvinhu zvavo. Ndaiti, 'Hazvina kupera. Dzoka mangwana pamwe ndichapedza'. Handina kushanda nesimba. Takabva tadzidza kuti tinofanira kukudza Mwari pane zvose zvatinaita. Kunyange mubasa redu tinofanira kukudza Mwari. Saka ndakatanga kubata vatengi vangu zvakasiyana. Ndakatanga kuremekedza mazuva ataininge tawirirana uye kuachengeta. Ndakatanga kunyatsoita zvandaigona. Ndinorumbidza Mwari kuti zvandashanduka maonero angu panyaya yebasa, vakandikomborera. Vana vangu vaiwanzorwara. Zvino Mwari akavakomborera noutano hwakanaka. Zvakare, vatengi vangu vanovimba neni kuita basa rakanaka. Zvino vanodzoka kuzohodha zvimwe zvinhu. Bhizimusi rangu rakanaka.

- Mukadzi uyu akashandisa zvekusona kwake kurumbidza Mwari.
- Akanzwisisa kuti zvakanga zvisiri zvaaita, asi kuti aizviita sei ndizvo zvaikosha kuna Mwari.

Mhedziso uye Mashandisiro

- Mhando dzose dzebasa dzinogona kuunza mbiri kuna Mwari.
- Mwari vane hanya nemaitiro atinoita basa redu.
- Anoda kuti tishande nesimba uye nemafungiro akanaka, tichiunza mbiri kwaari.
- Funga nezvebasa rako, une chero maitiro asiri kukudza Mwari here?
- Kumbira Mwari kuti vakuratidze zvimwe zvinhu zvaungaite zvirinani kuti umukudze pabasa rako.

Chidzidzo Chechina: Nharaunda dzeHumambo

Pfungwa Huru: Humambo hwaMwari hunofanira kubata hupenyu hwedu nenharaunda dzedu zvekare.

Ongororo yeZvidzidzo Chekutanga kusvika Chechitatu

- Humambo hwaMwari huri apo pose Jesu paanenge ari Mambo uye mitemo yake ichiteedzwa.
- Bhaibheri rinotidzidzisa kurarama sevanhu veHumambo.
- Mhando dzose dzemabasa dzinogona kuunza mbiri kuna Mwari. Tinofanira kuita basa redu nenzira dzinokudza Mwari.

Nhanganyaya

Unofunga kuti Jesu aizoita sei dai ari mutungamiri munharaunda yedu?

- Aizofara nei?
- Jesu angada kuchinja sei kuti nharaunda yedu ive yakafanana nekudenga?

(Mafundisi: Sarudzai nzvimbo dzakati wandei kubva pane dziri pazasi dzinogara nharaunda yenyu sezvinodiwa naMwari. Sarudzai dzimwe dzaunofunga kuti Jesu angada kushandura.)

- Kuchengeta shirikadzi nenherera
- Kusimbisa dzimhuri
- Kuva nemvura yekunwa yakachena, pekugara pakanaka uye chikafu
- Kuva nezvirongwa zvehutano nezvekugadzira kunoenda suweji uye migwagwa yakanaka
- Dzidzo yevana kana nevakuru
- Kutarisana kushandiswa kwezvinodhaka, madhiragi, kubheja makasa, uye tsika dzakaipa
- Kushungurudzwa kwevana nevakuru varimudzimba
- Hukama pakati pevanhu

Mwari anoda kuti tivake nharaunda inoratidza Humambo hwaMwari

- Jesu akatikurudzira kunyengetera kuti 'Umambo hwake huuye panyika sezvahunoitwa kudenga' (Mateu 6:10) uye akatiudza kuti 'tanga kutsvaka Umambo Hwake' (Mateu 6:33).

Mazano Akakosha

VaKristu vechечи yekutanga vakateerera Jesu uye vakavaka nzanga yeHumambo

Bhuku raMabasa rinoratidza kuti vaKristu vokutanga vakashanda sei kuti vavake Humambo hwaMwari panyika.

Mabasa 2:42-47

Vakazvipira pakudzidzisa kwavapostori napakuwadzana, pakumedura chingwa napakunyengerera. Vanhu vose vakashamiswa nezvishamiso zvizhinji nezviratidzo zvakaitwa navapostori. Vatendi vose vaiva pamwe chete uye vakagoverana zvinhu zvose. Vakatangesa pfuma nenhumbi kuti vape ani naani aishayiwa. Zuva nezuva vakaramba vachiungana mutemberi. Vakamedura chingwa mudzimba dzavo uye vakadya pamwe chete nomufaro uye nomwoyo wakanaka, vachirumbidza Mwari uye vachidikanwa navanhu vose. Ishe akawedzera pauwandu zuva rimwe nerimwe avo vaiponeswa.

Mabasa 4:32-34a

Vatendi vose vakanga vaine mwoyo mumwe nepfungwa imwe. Hapana aiti chimwe chezvaiva nazvo ndechake, asi vakagovana zvose zvavaiva nazvo. Vapostori vakaramba vachipupura nesimba kumuka kwaishe Jesu. Uye nyasha dzaMwari dzakashanda nesimba mavari vose zvokuti pakasava nomunhu anoshayiwa pakati pavo.

- Zvinhu zvakaitwa nevaKristu vokutanga zvaiva zvinhu zvomweya nezvenyama. Vainyanya kufunga nezvedzidziso dzevaapostora. Vakashumira nharaunda yavo vachizvipira.
- Mugumisiro wacho waiva wokuti munhu wose aiva nezvaaida, vamwe vanhu vakatarira vaKristu zvakanaka, uye vanhu vakawanda vakava vatendi. Zita raMwari rakarumbidzwa.

Mwari anoda kuti tivake nharaunda yedu nenzira inoratidza Humambo hwake

Kana tikateerera Mwari munzvimbo dzose sezvaitwa nevatendi vepakutanga, tinoona migumisiro yakaita saizvozvo.

Mufananidzo weNyaya (yekutanga)

Sara, mumwe mukadzi wokuIndia, akatanga kufunga kuti musha wake waizova wakadini kudai Jesu aiva mutungamiriri. Aiziva kuti Jesu haana kukudzwa nekupesana kwainge kwakaita nharaunda yake. Mhuri imwe neimwe yaizvitarisira pachayo. Sara aiziva kuti Jesu aizoda kuti musha wake ubatane. Nokuda kwaSara, boka revakadzi vomumusha rakaumba boka rokuzvibatsira. Vakadzi gumi nevana vakatanga kusangana nguva dzose uye nechido chikuru. Nhengo dzeboka dzakaunganidza mari shoma yaakachengeta muhomwe yeboka.

Vakatanga kugadzirisa matambudziko emunharaunda pamwe chete. Sara akava mutungamiriri wekomiti. Akashandisa zvipo zvake zvehutungamiriri kuronga. Akaunganidza nharaunda kuti iite zvinhu zvaizoitwa naJesu dai aive mutungamiri.

Mufananidzo weNyaya yechipiri

Vakadzi vepachikoro cheBhaibheri muUganda vakasarudza kubatira nharaunda yavo sezvaizoitwa naJesu. Vakanyatsoronga chirongwa chavo chekutanga. Vaida kubvisa marara pedyo nebhora remunharaunda. Vakadzi vaviri vakapinda mubhora. Vakakumbira mvumo yokubvisa marara. Varidzi vakaseka asi vakabvuma. Madzimai akaunganidza nharaunda. Vakachera makomba maviri: rimwe remarara anoodza uye rimwe rezvinhu zvisingabvisike. Apo vatengesesi vomubhora vakaona vamwe vachitsvaira marara, vakabetsera. Varidzi vemabhora vakaramba vachichengeta nzvimbo iyi yakachena. Izvi zvakaita kuti nharaunda yacho ifare zvikuru. Tevere, boka rekudzidza Bhaibheri rakaronga basa guru. Vakaona kuti madzimai emuraini aifamba maawa akawanda kutakura muriwo nenhumbi dzavo kuenda kumisika kure. Musika uri padyo waizovabvumira kutengesha zvinhu vachizvichengeta padyo nemhuri dzavo, nharaunda, uye magadheni. Mumwe munhu akapa nzvimbo, asi yakanga isingaite kuvaka musika. Madzimai edzidzo dzeBhaibheri akanyengetera. Ipapo, vashandi vomumugwagwa mukuru vakanga vachigadzira mugwagwa vakauya nebhurudhoza. Vakagadzirisa nzvimbo yacho pasina muripo. Nebetsero yaMwari, boka duku ravakadzi vechiKristu vokumarura rakavaka musika wenharaunda. Hupenyu hwavo hwepamweya hwakakura pavakashandira vamwe vakamirira Jesu.

- Vanhu vemunyaya idzi vakaita zvavaigona kubatsira nharaunda dzavo. Nharaunda dzavo dzakaswera pedyo nemararamiro ayo Mwari aida kuti varame.
- Tinogona kuvaka nharaunda yedu kuti ive nharaunda yeHumambo zvake. Zuva rega rega tinofanira kumuka uye kufunga isu pachedu kuti:
 1. Ndingavaka Humambo hwaMwari sei parinhasi?
 2. Ndingarama sei zvinoenderana nemitemo yaMwari munzvimbo dzose?
 3. Ndingabatsira sei mhuri kana nharaunda yangu kuti iite zvimwe chetezvo?
- Sezvatinofunga nezvekuvaka humambo hwaMwari, tinogona kufunga nezvenzvimbo ina dzakakura panaJesu muna Ruka 2:52 - Zvemweya, Zvemagariro, Zvepfungwa uye Zvenyama. Ndezvipi zvimwe zvezvinodikanwa mune chimwe nechimwe chezvikanu izvi? Tingaita sei kuti nharaunda yedu ikure muzvikamu zvina zvose izvi?

Mhedziso uye Mashandiro

- Savateveri vaJesu, tinofanira kuedza kuva nepesvedzero yakanaka munharaunda yedu, kwete bedzi munezvemweya, asi muzvikamu zvose zvoupenyu.

- Mumapoka, fungai nezvezvinhu zviviri zvamungaita vhiki ino kuti mubatsire kuunza Humambo hwaMwari kunharaunda yedu. Itai hurongwa hwekutanga nekunamatirana.

Chidzidzo cheChishanu: Kubatsira Vanhu Nenzira Isingaite kuti Vanhu Vatsamire Pakuriritirwa

Pfungwa Huru: Tinofanira kushumira nekubatsira vanhu tichigona kuzviriritira.

Ongororo yeZvidzidzo cheChitatu kusvika cheChina

- Basa chinhu chakanaka. Mhando dzose dzemabasa anogona kuunza mbiri kuna Mwari. Tinofanira kuita basa redu nenzira dzinokudza Mwari.
- Sezvatinoteerera Mwari muzvinhu zvose zvoupenyu, tinogona kuvaka Umambo hwake munharaunda yedu.

Nhanganyaya

Fungidzira kuti mumwe murume akabatwa gumbo pakati pematombo maviri. Akatanga kunzwa nzara, nyota, uye chando. Mumwe munhu paakamuona akamunzwira tsitsi ndokumuvigira zvokudya. Mumwe munhu akamutarira ndokuti mumwoyo make, ‘Nei murume uyu asingazivi kuzvitsvagira zvokudya zvake amene?’ Mumwe munhu akaona murume wacho ndokumunyengeterera, asi haana kumubetsera kusunungura gumbo rake. Mumwe munhu akamuunzira mari.

- Ndinovimba, izvi hazvingambofa zvakaitika. Tingatarisira kuti vanhu vaone dambudziko rake chairo uye vamubatsire kusunungurwa kubva pematombo!
- Ipapo aizokwanisa kushanda uye kuzviriritira.
 - Aisazotsamira pakuriritirwa nevanhu.
 - Aizova netariro yeshanduko inogara uye kusaramba achidzokera mudambudziko rimwe chete.

Tinogona kuvaka Umambo hwaMwari nokushumira vanhu nenzira dzisingakonzeri kutsamira pakuriritirwa nevanhu. Tinogona kuvapa nzira dzekushanda nekupa tariro yeshanduko isingaperi.

Madingindira Akakosha

Tinogona kubatsira vanhu nekugadzira mikana yekushanda

Rangarira nyaya yaRute naBhoazi

Rute 2:8-9

Naizvozvo Bhoazi akati kuna Rute, “Mwanasikana wangu, nditeerere. Usaenda kunonhonga kuno mumwe munda uye usabva pano. Gara pano nevakadzi vanondishandira. Tarisa munda uri kukohwa varume, utevere vakadzi. Ndaudza varume ava kuti varege kukubata. Uye kana wava nenyota, enda undonwa zvirongo zvemvura zvazadzwa navarume.”

Rute 2:15-16

*Paakasimuka kuti aunganidze, Bhoazi akarayira varume vake achiti,
“Ngaunganidze pakati pezvisote uye musamutuka. Itovhomorai mamwe
mashanga mumasumbu acho mosiya kuti atore, uye musamutsiura’.*

- Bhoazi haana kupa Rute zvokudya; panzvimbo pezvo, akamupa mukana wokushanda.
- Kana vanhu vachikwanisa kushanda, tinofanira kutevera muenzaniso waBhoazi tovabatsira kushanda pane kungopa rubatsiro rwunogona kuita kuti munhu atsamire pakuriritirwa.
- Nokushanda, Rute ane chiremerera chakawanda kupfuura kana achingogamuchira chete.

Tinogona kudzidza kushandira vamwe zvakanaka

- KuEzhiya, kune mumwe mukadzi, Mai Lee, akabatsira vanhu vakawanda munharaunda yake. Iye muenzaniso wakanaka wekubatsira nenzira isingagadziri kutsamira pakuriritirwa.
- Mai Lee vaishuvira kubatsira mhuri dzine urombo munharaunda mavo. Akatanga kushanyira dzimwe dzemhuri idzi mwedzi woga woga. Akatanga kutsvaka nzira dzokuvabatsira nadzo kurarama. Hedzino nyaya nhatu dzechokwadi dzokuti akakwanisa sei kubatsira mhuri idzi.

Nyaya yekutanga - Mai Lee neBindu reMaruva

Munharaunda mavo maiva nemhuri yevarombo yaiva nevana vaviri. Mai Lee vakaona kuti paive nekamunda kaive nevhu rakakorera pamberi pemba yavo. ‘Neiko usingasima maruva?’ vakabvunza kudaro. ‘Unogona kuita kuti musha wako uwedzere kunaka wotengesawo pamusika uri pedyo.’ Amai vemhuri iyi vakaita saizvozvo. Vakatanga kutora maruva avairima vachienda nawo kumusika kwavaitengesa. Vatengi vakatanga kukumbirawo mamwe marudzi emaruva, asi aingova nekamunda kadiki. Zvisinei, amai ava vakatanga kutenga maruva kune vamwe varimi. Vakazvitengesa, pamwe chete neavo, kuti vawane mhindu. Vakafunga kuti, ‘Ndinogonawo kutengesa zvimwe zvinhu!’ Iye zvino anomuka mangwanani oga oga kuti atenge mabhanana nezvinwiwa kuti azvitengese pamusika panotengeswa maruva.

Nyaya yechipiri- Mai Lee neMbambaira

Imwe mhuri yevarombo yaishanda sevashandi zuva nezuva, asi kazhinji vaisakwanisa kuwana mabasa. Mai Lee vaiona kuti mhuri iyi yaishanda nesimba, asi yakanga isina hunyanzvi. Akaenda kunoshanyira imwe mhuri muchechi yaiva varimi vembambaira. Akatsanangurira mhuri yacho kuti Mwari akatidana kuti tide vavakidzani vedu uye kuchengeta varombo. Akabvunza kana vaizoda kudzidzisa mhuri ine urombo kuva varimi

vembambaira. Vakabvuma. Mai Lee vakazivisa mhuri mbiri idzi. Mhuri yevarombo yakafara. Vakakurumidza kuyenda kamunda, vakabatsirwa nembeu, uye maturusi. Pakupera kwegore, vakava negoho rakanaka. Vakakwanisa kubhadhara mari yose yavakanga vakwereta uye vakasara vachiine purofiti yakanaka.

Nyaya yechitatu - Mai Lee neKuyananaisa Mhuri

Mhuri yechitatu mai Lee vaidza kubatsira vakanga vaparadzaniswa nevabereki vavo. Vabereki vaifunga kuti mwanakomana wavo nemhuri yake vaive vasingabatsiri uye vaisazova chero chinhu. Mai Lee vakasangana nemhuri kuedza kuyananaisa mativi maviri aya. Mai Lee vakavimbisa kusangana nguva dzose nemhuri yemwanakomana uye kuvabatsira kuvandudza upenyu hwavo. Akakumbira vabereki kuti vamugamuchire zvakare uye vabatsire zvishoma. Vabereki vacho vakasarudza kukweretesa mwanakomana wavo mari kuti atange bhizimisi resimbi dzakaraswa. Iye zvino anotenga simbi dzakasakara, dzakamboshandiswa uye anozvitengesa kune imwe chitoro dzonogadzirwazve. Anokwanisa kuchengeta mhuri yake uye ane chiremerera.

- Mai Lee vakatora nguva vachiziva vanhu uye kunzwisisa mamiriro ezvinhu. Akaedza kutsvaga zvikonzero chaizvo zvekuti vanhu vane dambudziko (sehekama hwakaputsika kana kushomeka kwehunyanzvi).
- Vakapa mazano uye kurudziro. Vakapa vanhu nzira inoshanda yekuzvibatsira.
- Nokuda kwaizvozvi, vanhu vakanga vane basa. Vaikwanisa kuriritira mhuri yavo. Vaikwanisa kuita chimwe chinhu kuti vazvibatsire uye vaisatsamira nokuriritirwa nevamwe.
- Dai Mai Lee vakangopa mari kana chikafu kupa mumwe nemumwe wevanhu ava, vangadai vasina shanduko. Vainge vatojira kuti Mai Lee vachavapa mari vaibva vavimba nazvo pane kushanda.
- Kutu ubatsire vanhu, zvakanakisisa kuvashanyira, kuteerera, kuedza kunzwisisa dambudziko ravo, uye ipapo kuvabatsira kutsvaka mhinduro. Izvi zvichapa tariro yeshanduko yechokwadi nekusingaperi.

Mhedziso uye Mashandisiro

Sezvatinotarisa kuti Mai Lee vaichengeta sei vanhu vanotambura, tinoona kuti:

- Vaisabatsira vamwe nekungopa zvinhu chete.
- Vainzwisisa matambudziko chaiwo, kwete chete magumo ekutambudzika.
- Vaiita zvinhu kuti vape vanhu nzira yekuzvibatsira nayo.
- Vakabatsira vanhu kuti vave netariro yeshanduko isingaperi.

Namata uye kumbira Mwari kuti vakuratidze kana paine munhu waunogona kushumira nenzira iyi. Kumbira Mwari uchenjeri kuti uzive nzira yekushanda nenzira isingagadziri kutsamira pakuriritirwa, asi inopa tariro yeshanduko isingaperi.

- Funga nezvenharaunda yako. Pane mhuri yaunogona kubatsira here? Ndedzipi dzimwe nzira dzaungavabatsira nadzo?

Chidzidzo Chechitanhatu (chikamu chekutanga): Uchenjeri hwaMwari

Pfungwa Huru: Kana tichida kuona nharaunda yedu ichishanduka, tinoda uchenjeri hwaMwari. Tinofanira kubvunza Mwari zvokuita uye kumuteerera.

Ongororo yeChidzidzo cheKutanga kusvika cheChishanu

- Humambo hwaMwari huri apo pose Jesu paanenge ariMambo uye mitemo yake ichiteedzwa.
- Bhaibheri rinotidzidzisa kuti tingararama sei sevanhu veHumambo. Tinofanira kuteedza nzira dzaMwari
- Mabasa ose anogona kuunza mbiri kuna Mwari. Tinofanira kuita basa redu nenzira inokudza Mwari.
- Panoteererwa Mwari pazvikamu zvose zvoupenyu hwedu, tinokwanisa kuvaka Humambo Hwake munharaunda yedu.
- Tinogona kuvaka Humambo hwaMwari nekubatsira vanhu nenzira inodzosa chiremerera nekuvapa Tariro yeshanduko isingaperi.

Nhanganyaya

- Fungidzira mukuru mukuru wehurumende akauya kwatiri. Akati, 'Takaedza kushandura nharaunda yenyu, asi zvakangofanana. Tinoda kukupa zvekushandisa kuti ushandure nharaunda yako iwe. Ungadei?'
- Tinogona kukumbira zviwanikwa zvakaita se: nyanzvi, mari, zvigadzirwa zvemigwagwa mitsva, kana michina yekubatsira kuchera. Zvinhu izvi zvakanaka, asi chatinoda chaizvoizvo chinopfuura zvinhu zvenyama.

Makoronike eChipiri 7:14

Kana vanhu vangu, vakatumidzwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengerera nokutsvaka chiso changu, nokutendeuka panzira dzavo dzakaipa, ndichanzwa kudenga, ndichakangamwira zvivi zvavo, nokuporesa nyika yavo.

- Kuti tione kuti nyika yedu yapora, tinofanira kutsvaka Mwari. Izvozvo zvinokosha kupfuura zvinhu zvenyama.
- Apo patinonamata, tichitsvaka chiso Chake, uye tichiteerera nzira Dzake, Mwari vanonzwa, kukanganwira, uye nokuporesa nyika yedu!

Hatigoni kuchinja nharaunda yedu kana kuvaka Umambo hwaMwari tiri toga uye nezvinhu zvenyama chete. Tinoda uchenjeri hwaMwari uye simba raMwari kuti tikunde zvimwe zvipingamupinyi zvatinooona. Nhasi, ngatitaure nezvekukumbira Mwari uchenjeri.

Madingindira Akakosha

Tinofanira kutanga kukumbira Mwari uchenjeri

Kudai uchenjeri hwavanhu nezvinhu zvenyama zvakanga zvakakwana, ipapo nyika yose ingadai yatoshandurwa! Hatizvione izvozvo. Tinoda njere dzaMwari.

Isaya 55:8-9

*‘Nokuti ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu, nenzira dzenyu hadzizi nzira dzangu’,
ndizvo zvinotaura Jehovha. ‘Sokukwirira kwakaita matenga kupfuura nyika, saizvozvowo nzira dzangu dzakakwirira kupfuura nzira dzenyu, nendangariro dzangu kupfuura ndangariro dzenyu.’*

- Mwari vakachenjera kupfuura ani zvake. Mifungo yake nenzira dzakakwirira kupfuura dzedu. Uchenjeri hwake hwakakodzera!
- Kunyange kana zvaAkatiudza zvisina musoro kwatiri, tinogona kuvimba Naye.

Kana tichida kuona Mwari achifamba, pane kungonamatira minana chete, tinofanira kunamatira huchenjeri hwaMwari. Tinofanira kutanga nokukumbira uchenjeri.

Mwari anopa uchenjeri kuna vanokumbira

Jakobho1:5

Kana mumwe wenyu achishayiwa uchenjeri, ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakanaka kuna vose asingatviki mhosva, uye achapiwa hake.

- Jakobho anotiudza kuti tikumbire Mwari uchenjeri.
- Mwari anopa huchenjeri huzhinji asingaoni kukanganisa kwedu.

Zvakaitika mushure: Soromoni (mwanakomana waMambo Dhavhidhi) paakava mambo welsraeri, Mwari akamubvunza muhope zvaaida zvakananyanya. Iyi ndiyo mhinduro yaSoromoni:

Madzimambo ekutanga 3:9

Ipai muranda wenyu mwoyo unonzwisisa kuti nditonge vanhu venyu uye kuti ndikwanise kusiyana zvakanaka nezvakaipa. Nokuti ndianiko anogona kutonga vanhu venyu ava vazhinji?’

- Soromoni akaziva kuti aida uchenjeri hwaMwari kuti atungamirire valsraeri zvakanaka.
- Akakumbira nokuzvinipisa uchenjeri hwokutonga.
- Mwari vakafadzwa nazvo. Akavimbisa kupa Soromoni uchenjeri hunopfuura chero ani zvake. Akavimbisawo kumupa pfuma nokukudzwa uye noupenyu hurefu.
- Israeri yakanga iri murugare uye yakabudirira munguva yokutonga kwaSoromoni.

Mapisarema 81:13-16

‘Dai vanhu vangu vaineerera havo, dai Israeri akatevera nzira dzangu, ndaikurumidza sei kukunda vavengi vavo, ndikadzorera ruoko rwangu kuvavengi vavo! Vanovenga Jehovha vaizviisa pamberi pake, uye kurangwa kwavo kunogara nokusingaperi. Asi iwe ungagutswa nezviyo zvakaivonaka; nohuchi hunobva padombo ndaizokugutsa’.

- Valsraeri havana kuteerera Mwari, kunyange Mwari paakavapa mirayiro yakachenjera.
- Kudai vakateerera, Mwari angadai akakunda vavengi vavo ndokuvadyisa zvokudya zvakanakisisa.

Mwari anopa huchenjeri kunharaunda yevarombo

Mune imwe chechi, shuviro yavo yakanga iri yokuva netirakita, asi zvaiita sezvisingabviri kuti vaizova nemari inokwana kuitenga. Mwedzi wega wega vachiungana vainamata vachibvunza Mwari kuti chii chavaigona kuita kuti vaone nharaunda yavo ichiwedzera kuita sezvaidiwa naMwari. Imwe nguva pavakanga vakaungana, vakanzwa sokunge Mwari akataura kwavari akati, ‘Kana mukakudza nzira yekufamba nayo kunzvimbo yezvirimwa, ipapo ndichakupai tirakita’. Chechi yakabva yadaira ndokuwedzera mugwagwa wemakiromita matatu kuti ukwane ngoro. Gore iroro vanhu vese vemumusha vakadyara zvimwe, sezvo vaiziva kuti vaigona kutakura ngoro pane kutakura goho kumusana. Uye vakaona kuti nezvirimwa pangoro, vaikwanisa kuzvitakura nokukurumidza. Vakaenda nezvimwe kumusika kunotengesa, uye zvakanga zvanyanya kunaka nekusaora, saka vakakwanisa kuwana mutengo uri nani. Vagari vomumusha wacho vakatenda chechi zvokuti vakavaunzira imwe purofiti yaivainge vawana pamusoro. Yaiva mari yakawanda! Chechi payakanyengerera ichibvunza Mwari mashandisiro avaifanira kuita mari yacho, akavayeuchidza kuti akanga avavimbisa tirakita. Mari yaive yekutenga tirakita iyoyo!

- Chechi yaisangana mwedzi wega wega kuti inamate ichibvunza Mwari zvekuita. Vakatora nguva vachimuteerera.
- Pavakanzwa sokuti aivaudza zvokuita, kereke yakateerera Mwari nokukurumidza.
- Mwari akavapa uchenjeri uye akavabatsira kuwana tirakita!

Mhedziso uye Mashandisiro

- Uchenjeri hwaMwari hwakasiyana nehwedu. Nzira dzake nemifungo zvakakwirira uye zviri nani kupfuura zvedu. Kana tichida kuona nharaunda yedu ichishanduka, tinoda uchenjeri hwaMwari.
- Mwari vanoda kuti tikumbire uchenjeri. Anofara patinodaro uye anopa uchenjeri ruzhinji.
- Tinofanira kuva nechokwadi chokuti tiri kuungana nguva dzose kuti tibvunze Mwari zvokuita. Zvadaro, tinofanira kuwana nguva yokumuteerera.
 - Dzimwe nguva Mwari vanogona kutipa gwara rakajeka.

- Dzimwe nguva isu tinongoda kuita chinhu chinoita senge zano rakanakisa. Mwari achatiratidza kana tikasarudza zvisiri izvo.
- Uchenjeri hwaMwari hausi hwekereke chete kana zvirongwa zvenharaunda. Ndezvakowo uye nemamiriro ezvinhu aungawana muhupenyu hwako. Pedza kanguvana uchifunga nezve kwaunoda huchenjeri hwaMwari muhupenyu hwako. Zvino, kumbira Mwari kuti vakupe njere dzavo pamamiriro ega ega. Iva nechokwadi chokuti une nguva yokuteerera.

Chidzidzo Chechitanhatu (chikamu chechipiri): Simba raMwari

Pfungwa Huru: Kana tichida kuona nharaunda yedu ichishanduka, tinoda uchenjeri uye simba raMwari. Tinofanira kunyengeterera kubatsirwa naMwari uye uchenjeri hwaMwari. Tinofanira kuteerera zvatinatoratidzwa naMwari kuti tiite, tichivimba naMwari kuti achaita chikamu chake nokuda kwezviringwa zvake.

Ongororo yeChikamu cheChitanhatu (chikamu chekutanga)

- Kuti tishandure nharaunda yedu, tinofanira kukumbira Mwari uchenjeri uye kuteerera zvaanotaura.

Nhanganyaya

Svondo rakapera ndakakutaurirai nyaya pamusoro paMwari achipa kereke njere pamusoro pekuwana tirakita. Ngatitarisei zvakare zvakaitwa nevanhu, uye nezvakaitwa naMwari.

- Vanhu vomunyaya yacho vakakumbira uchenjeri kuna Mwari uye vakateerera.
- Mwari akavapa pfungwa yokukudza mugwagwa.
- Vanhu vakateerera Mwari uye vakakudza mugwagwa.
- Mwari vakaita kuti vanhu vemumusha umu vape kukereke, saka vakakwanisa kutenga tarakita.

Mwari ane chikamu chekuti tiite mukuvaka Humambo Hwake. Tinofanira kutanga nokukumbira uchenjeri. Zvadarwo tinofanira kuteerera zvaanotiratidza kuti tiite. Kudai kereke yakanga isina kuwedzera mugwagwa, vangadai vasina kuwana tirakita!

Mazano Akakosha

Tinofanira kuteerera zvatinatoratidzwa naMwari kuti tiite

Zvakaitika mumashure: Naamani aiva mukuru weuto reSyria. Aiva nemaperembudzi ndokuenda kunosangana nemuprofita Erisha kuti akumbire kuporeswa.

Madzimambo eChipiri 5:9-14

Naizvozvo Naamani akaenda namabhiza ake nengoro dzake akandomira pamukova weimba yaErisha. Erisha akatuma nhume kuti kwaari, 'Enda undoshamba kanomwe muna Jorodhani, uye nyama yako ichadzorerwa, uye uchava wakachena. Asi Naamani wakabvapo akatsamwa, akati, "Ndaifunga kuti zvirokwazvo achabuda kwandiri agomira achidana zita raJehovha Mwari wake, nokuninira ruoko rwake panzvimbo yacho, ondiporesa maperembudzi angu. Ko Abana neFaripari, idzo nzizi dzeDhamasiko, hadzina kunaka kukunda mvura yose iri pakati palsiraeri here? Ndaisagona kugezera madziri ndokucheneswa here?' Naizvozvo akatendeuka ndokuenda akashatirwa.

Varanda vaNaamani vakaenda kwaari vakati, “Baba vangu, dai muprofitanga anga akuudzai kuti muite chinhu chikuru, maisazviita here? Zvikuru sei, zvino, paanoti kwauri, “Shamba, ucheneswe”!’ Naizvozvo akaburuka, akandonyura muJoridhani kanomwe, sezvaakanga audzwa nomunhu waMwari, nyama yake ikadzorerwa, ikava yakachena, sezvakaita iyo yemukomana wechidiki.

- Erisha akaudza Naamani kuti ageze kanomwe murwizi rwaJodhani.
- Mirayiridzo haina kuita musoro kuna Naamani. Akanga asingadi kuteerera.
- Naamani paakazoteerera, akapora.

Dzimwe nguva Mwari anotiudza kuti tiite zvinhu zvisina musoro kwatiri. Asi Mwari vane zvavakaronga. Tinofanira kutanga nekuteerera mirairo yaakatipa. Tinogona kuvimba kuti Mwari achaita basa rake kuporesa nharaunda yedu.

Mwari vanogona kuwanza mabasa edu

Teerera kunyaya iyi.

Zvekushandisa pakuvaka

Mune imwe nharaunda, chechi yakanzwa Mwari achivadenha kuti vavake misha yakatsiga nokuda kwomunhu wose ari munharaunda. Vakaita ongororo yenzvimbo. Vakawana dzimba 35 dzaida kuvakwazve kana kugadzirwa. Vechechi vakaunganidza pfuma. Vakazvipira nguva yavo kuti vapedze basa. Zvisinei, vapedza imba yechigumi nenomwe (17), vakanga vasisina zvokushandisa. Panzvimbo pokuodzwa mwoyo nokukanda mapfumo pasi, kNhengo dzechechi dzakasarudza kunyengetera nokutsanya humwe usiku. Vakakumbira Mwari kuti avabatsire kupedza basa racho. Mangwanani akatevera, marori makuru akanga akazara nezvinhu zvokuvakisa akamira kunze kwechechi. Vakatanga kukanda mitoro yavo. Nhengo dzechechi yacho dzaakaudza vatyairi vemarori kuti hapana akanga akumbira zvinhu zvokuvakisa. Vakatsanangura kuti hapana aikwanisa kubhadhara zvinhu zvose izvi. Vatyairi vemarori vakati zvinhu zvacho zvakanga zvasara pane imwe imba yaichengeterwa zvinhu yaiva pedyo. Vakanga vachirasa kuti vawane nzvimbo yezvinhu zvitsva. Vatungamiriri vechechi vakabvunza vatyairi vemarori chikonzero nei vakanga varasa zvinhu zvacho pamberi pechechi. Vatyairi vakapindura kuti, ‘Tanga taneta nekutyaira, saka takanda zvinhu zvacho kuti tidzokere kuuzinda’. Vakataurawo kuti zvinhu zvacho rava basa rechechi kuti yodii nazvo. Kana chechi yaisada zvinhu zvacho, vaifanira kuzvibvisa. Saka chechi yakagamuchira zvekuvakisa zvakanwana kuti vapedze dzimwe dzimba - pachena.

- Chechi yakakumbira uchenjeri kuna Mwari ndokuteerera.
- Mwari akavaudza kuti vavake kana kuti vagadzirise dzimba dzevanhu vose vaidzida.
- Chechi yakateerera nepavaigona napo.
- Pavakasangana nechipingamupinyi, vakanyengeterazve, vachikumbira kubatsirwa naMwari.

- Mwari akapa zvinhu zvaishayikwa nenzira inoshamisa! Akaita izvi mushure mekunge chechi yatoteerera nepavaigona napo.

Mwari anofara patinokumbira rubatsiro rwake

Tinoda kupindira kwaMwari kuti tione shanduko. Tinofanira kuteerera, asi tinofanirawo kunyengetera kuti Mwari ashandure mamiriro ezvinhu. Zvimwe zvinhu zvinoda chishamiso kushandura! Izvi ndezvechokwadi kunharaunda dzedu uye nehupenyu hwedu zvakare.

Johani 14:13-14

Uye ndichaita zvose zvamunokumbira muzita rangu, kuti Baba varumbidzwe muMwanakomana. Kana mukakumbira chinhu chipi nechipi muzita rangu, ndichachiita.

- Jesu anovimbisa kupindura minyengetero inoita kuti Mwari akudzwe.
- Mwari anoda kuti tikumbire rubatsiro rwake patinenge tichitsvaka kuvaka Umambo hwake. Achatipa zvatinokumbira zvichaunza mbiri kwaari.

Funga nezvedzimwe shanduko dzaunoshuva kuona munharaunda yekwako. (**Mufundisi:** *nyorai dzimwe shanduko dzinogona kubatsira munharaunda yenyu.*) Munofunga kuti Mwari angadawo kuona shanduko idzi munharaunda yenyu here? Dziri kuvaka Humambo Hwake here?

Mhedziso uye Mashandisiro

Kana tichida kuona nharaunda yedu ichichinja, tinoda uchenjeri hwaMwari nesimba raMwari. Tinoda kupindira kwaMwari. Ngatitorei nguva yekukumbira Mwari kuti vaunze shanduko idzi munharaunda yedu.

Mufundisi: *tungamirira ungangano pamwe chete mumunamato kuti Mwari vashandure nzvimbo idzi munharaunda mako.*

Tinodawo kuti Mwari vashandewo muhupenyu hwedu. Ndezvipi zvikamu zvauri kutsvaga kuti Mwari vabatsire? Angava mwana akatiza kana kuti mumwe wemumhuri ari chidhakwa. Ngatipedzise mharidzo iyi nekunamata kuti Mwari vapindire. Mumwe nemumwe ngaatore nguva shoma yekufunga nezvezvikamu zvehupenyu hwako dzaunoda kuti Mwari vapindire pamwe chete ngatitendei kuti Mwari vachatendeseka kushoko ravo kuti vanonzwa minamato yedu.

Mufundisi: *tungamirira ungangano pamwe chete mumunamato kuti Mwari vaunze shanduko mudzimhuri sezvinodiwa naMwari.*

Chidzidzo Chechinomwe (chikamu chekutanga): Kereke Muviri waKristu

Pfungwa Huru: Kereke Muviri waKristu uye mudziyo waMwari wekuunza shanduko. Munhu wese muKereke akakosha. Vanhu vose vanofanira kubatanidzwa mukuvaka Umambo hwaMwari nokushumira, kwete vatungamiriri chete.

Ongororo yeChidzidzo Chekutanga kusvika Chechitanhatu

- Umambo hwaMwari ndihwo chete Jesu paanenge ari Mambo uye mitemo yake ichitevedzwa.
- Isu nemhuri dzedu tinofanira kuteerera Mwari muzvinhu zvose zvoupenyu, kusanganisira basa redu.
- Tinogona kuvaka Humambo Hwake munharaunda yedu nekubatsira vanhu.
- Kana tichida kuona nharaunda yedu ichishanduka, tinoda uchenjeri nesimba raMwari.

Nhanganyaya

Chii chaizoitika dai kereke yedu yaifanira kuvharwa? Nharaunda yedu inganyunyuta here? Vangatisuwa here? Kana zvisina kudaro, chimwe chinhu chakaipa!

Kana isu tichiita basa redu, tichava nekubata munharaunda zvekuti vanhu vemunharaunda vanogona kurwadziwa kutiona tichienda. Sei? Nekuti Chechi mudziyo waMwari wekuunza shanduko.

Madingindira Akakosha

Kereke Muviri waKristu

Vaefeso 1:22-23a

Mwari akaisa zvinhu zvose pasi petsoka [dzaJesu] akamugadza kuti ave musoro wezvinhu zvose nokuda kwekereke, iwo muviri wake...

- Kereke muviri waJesu.
- Mumiviri yedu, nhengo dzemuviri yedu dzinoitira basa musoro wedu.
- Basa reKereke, semuviri waKristu, nderekuenderera mberi nebasa raJesu nhasi.
- Mwari akasarudza kuita basa rake rekushandura kuburikidza neKereke. Kana Kereke ichiita basa raKe, anowana mbiri!

Nhengo yese yemuviri yakakosha

Vakorinde vekutanga 12:12, 14-20

Sezvo muviri, kunyange zvazvo une mitezo mizhinji, asi mitezo mizhinji yose inoumba muviri mumwe, wakadarowo naKristu... Saizvozvowo muviri hauumbwi nomutezo mumwe chete asi mizhinji. Zvino kana rutsoka rukati,

“Nokuti handisi ruoko, saka handisi womuviri,” harungaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero ichocho. Uye kana nenzeve ikati, “Nokuti handisi ziso, saka handisi chikamu chomuviri,” haringaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero ichocho. Dai muviri wose waiva ziso, kunzwa kungadai kuri kupi? Dai muviri wose waiva nzeve, kunhuhwidza kungadai kuri kupi? Asi chaizvoizvo Mwari akaisa mitezo pamuviri, mumwe nomumwe wayo, sezvaakada kuti ive. Dai yose waiva mitezo umwe, muviri ungadai uri kupi? Sezvazviri, kune mitezo mizhinji, asi muviri mumwe.

- Funga nezvemuviri wako.
 - Zvimwe zvikamu zvidiki, zvimwe zvakakura.
 - Zvimwe zvikamu zvakanaka, zvimwe hazvina.
 - Zvimwe zvikamu zvinoonekwa, zvimwe zvakavanzwa.
 - Nhengo DZESE dzemuviri wako dzine chinangwa.
- TOSE tiri nhengo dzemuviri waKristu.
- TOSE tine basa rekuita mumuviri.
- Muviri unoshanda zvakananyanya kana nhengo yese ichiita basa rayo.
 - Dai muviri wako waingova nehafu yenhengo dzawo dzinoshanda, zvingadai zvakaipa!
 - (Ipa mimwe mienzaniso - ruoko rusipo kana dumbu...)
- Kana paine vanhu vasiri kushanda muhushumiri hwekereke, saka kereke haisi kushanda sezvainofanira kuita.

Nhengo imwe neimwe inofanira kushanda, kwete vatungamiri chete

VaEfeso 4:11-12

Saka Kristu pachake akapa vapostori, vaporofita, vaevhangeri, vafudzi navadzidzisi, kuti vaqadzirire vanhu vake mabasa oushumiri, kuti muviri waKristu uvakwe.

- Vatungamiri vanofanira kugadzirira vanhu kuti vashumire.
- Nhengo imwe neimwe yemuviri - muKristu wese - inofanirwa kuita basa rekushumira.
- Basa redu rinovaka muviri uye rinobatsira Umambo hwaMwari kukura.

Mufananidzo Wenyaya: Vechiduku voDzidza Kushumira

MuIndonesia, maiva nemamwe mamishinari aishanda nevechiduku. Vaidzidzisa vechididiki vhiki yoga yoga. Vakagumburwa nekukura kwaiita vechidiki muna Kristu zvishoma nezvishoma. Vakasarudza kuti vechidiki vatange kubatsira, naizvozvo vakavamba mutemo mutsva wokuti avo bedzi vaishumira nemabasa ndivo vaibvumirwa kupinda muzvidzidzo zvevhiki nevhiki. Vechiduku vakawanda vakashumira mumabasa akasiyana-siyana. Vakaita zvavaigona. Vamwe vakashumira kumhuri ine urombo munharaunda yavo. Vamwe vaidzidzisa vana varombo. Vamwe vaibatsira muushumiri hwevana kuchechi. Mumwedzi mishomanana vechidiki ava vakatanga kukura mukutenda kwayo chose. Zvino vakaziva kuti

vaifanira kurava Bhaibheri ravo nokunyengetera. Vakaona kuti vaifanira kuvimba naMwari kuti avabatsire kuti vakwanise kubatsira vamwe zvechokwadi.

- Vechidiki vakatanga kushumira.
- Izvi zvakaita kuti vaone kuti vanoda chaizvo kubatsirwa naMwari. Vakatanga kuverenga Bhaibheri ravo nekunamata.
- Vakakura, uye vakabetsera kukura kweHumambo.

Paunotanga kushumira:

Hukama hwako naMwari huchakura.

Muviri wose waKristu uchava nesimba uye kuvaka Humambo hwaMwari zvinobudirira.

Mhedziso uye Mashandisiro

- Basa raJesu rekushandura rinoenderera mberi kuburikidza neKereke, Muviri Wake.
- Munhu wese mukereke inhengo inokosha yemuviri.
- Nhengo imwe neimwe inofanira kushanda nenzira yayo, kwete vatungamiri chete.

Mufundisi: *Itai kuti nhengo dzechechi dzinyengetere pamwe chete mumapoka maduku, vachikumbira Mwari uchenjeri hwekuti chechi ingashumira sei munharaunda. Bvumira maminetsi maviri kusvika mashanu ekunyarara, wozobvunza mapoka kana paine chinhu chavanonzwa kuti Mwari ari kuvaratidza. Vaudze kuti vatungamiri vekereke vachatora mhinduro voronga Chiito cheRudo chekuti vese vaite.*

Unofanira kushandisa nhungamiro yekuronga Mabasa eRudo kuronga Chiito cheRudo USATI waparidza chidzidzo chenomwe (chikamu chechipiri)

Chidzidzo Chechinomwe (chikamu chechipiri): Kuvaka Humambo Nokushumira

Pfungwa Huru: Sekereke tinofanira kushandira kereke yedu sezvatakaitirwa naJesu.

Ongororo

- Humambo hwaMwari ndihwo chero apo Jesu ariMambo uye mitemo yake ichiteedzwa.
- Humambo hwaMwari hunokura apo vanhu pavanosvika pakuteerera Mwari nekumuteerera zvakanaka.
- Kereke muviri waKristu uye nhengo imwe neimwe inebasa rakakosha rekuita.

Nhanganyaya

Humambo hwaMwari hunokura apo

- 1) Vanhu vazhinji pavanova maKristu.
- 2) Vanhu pavanosvika pakuteerera Mwari zvizere.
 - a) Izvi zvinogona kuva maKristu arikudzidzira kuteerera pazvikamu zvose zvehupenyu.
 - b) Ava vanogona kunge vari vanhu vasiri maKristu vachitanga kurarama nenzira yaMwari.

Basa reKereke semuviri waJesu harisi rezvemweya chete, asi rezvenyama zvakanaka. Zvakakosha kuti nharaunda yedu isangonzwa chete nezve rudo rwaMwari uye raramiro yaanoda kuti tiite kune imwe neimwe nzvimbo yehupenyu, asi kuti tizvione muhupenyu hwedu. Ngationei kuti Bhaibheri rinotidzidzisei pamusoro peizvi.

Madingindira Akakosha

Jesu akauya kuzoshumira

Mateo 20:28

... seMwanakomana wemunhu asina kuuya kuzoshumirwa, asi kuzoshumira, nekupa upenyu hwake ruve rudzikinuro rwevazhinji.

- Jesu vakauya kuzoshumira.

VaFiriipi 2:5-7

Paukama hwako nomumwe nomumwe, ivai nomurangariro waKristu Jesu: Uyo kunyange ari Mwari chaiye, haana kufunga kuti kuenzana naMwari chinhu chingashandiswa kumubairo; asi akazviita chinhu pasina nokutora chimiro chomuranda chaiye, akaitwa nomufananidzo womunhu.

- ‘Ari Mwari chaiye’, zvinoreva, ‘Nokuti akanga ariMwari.’

- Nekueti Jesu akanga ariMwari, Akatora hunhu hwemuranda. Hunhu hwaMwari kushumira.

Takadzikinurwa kuti tiite zvakanaka

VaEfeso 2:8-10

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza. Nokuti tiri basa remaoko aMwari, rakasikwa muna Kristu Jesu kuti tiite mabasa akanaka, akagadzirwa kare naMwari kuti tiaite.

- Takadzikinurwa kuti tiite mabasa mabasa akanaka.
- Munhu wese akaponeswa anofanira kushumira sezvaitwa naJesu.

Jakobho 1:27

Kunamata kunodikanwa naMwari Baba vedu kwakachena uye kusina mhosva ndikwo: kuchengeta nherera nechirikadzi mukutambudzika kwavo uye nokuzvichengeta kuti urege kusvibiswa nenyika.

- Mwari anofadzwa apo patinoshumira - urwu ndirwo rwudzi rwechitendero chaanogamuchira.
- Kushumira nharaunda yedu kuburikidza neMabasa eRudo ndiyo nzira yatinoratidza nayo rudo rwaMwari.

Mufananidzo weNyaya: Chikoro cheNharaunda

Kagishu chaive chipatapata chine dzimba dzakavakwa nemarata akaraswa nehuni dzakapwanyika. Yaiva nekereke ine vanhu gumi nevashanu. Mumwe mutendi wechechi ane makore makumi maviri nerimwe anonzi Meshack akaenda kumusangano wekudzidzisa. Akadzoka ndokuti, 'Ndakadzidza kuti kuteerera Jesu hakusi kwokuzvisarudzira!' Saka Meshack nevamwe vakanyengetera, vachibvunza Mwari kuti vangaratidza sei rudo rwake kunharaunda yavo. Mhinduro yakauya: kutanga chikoro chepuraimari chevana muchechi.

Nhengo dzechechi dzinoverengeka dzakabvuma kuendesa vana vavo ku 'chikoro' chitsva ichi. Pasina kudzidziswa, Meshack, mufundisi, uye mudzimai wamufundisi vakatanga kudzidzisa vana gumi nevatatu muchechi ine kamuri rimwe. Vakanga vasina madhesiki, mabhuku, kana zvokushandisa. Mugoho waMeshack wekutanga wakauya mumwedzi wechinomwe. Akagamuchira dhora rimwe chete rekuAmerica, raibhadharwa kubva pamari yevana yechikoro uye zvipo kubva kuvabereki.

Vakakoka vana vemunharaunda, uye chikoro chakakura. Vanhu vakawanda vakazvipira kudzidzisa. Nevadzidzi zana, vadzidzisi vakamira vakapirana gotsi pakati pekamuri rimwe chete, vakatarisana nemakirasi avo. Asi panguva iyo chikoro chacho chakanga chava nemakore maviri, chakanga chakusanganisira zvivakwa zviviri zvakavakidzana zvine makamuri anopfuura gumi.

Mugore ravo rechitanhatu, vakanga vava nevadzidzisi vaibhadharwa gumi nevanomwe, vashandi vashanu vaisa dzidzisa, uye vana mazana mana nemakumi mana nevashanu (445). Nekuda kwekuedza uku, kune chikoro chitsva chesekondari mumusha uri pedyo iine vashandi gumi uye vadzidzi makumi matanhatu. Imwe chechi yakatanga kuchengeta vana masikati. Kereke yokutanga yakakura kuita ungano yenhengo makumi matanhatu. Yakasima imwe kereke ine nhengo dzinodarika makumi mana. Imwe neimwe yemakereke aya yakagadzira makereke maviri matsva munzvimbo dzakasiyana.

Nharaunda iyi yachinja zvekuti vanhu vemunharaunda vakakurudzira kuchinja zita renharaunda. Panzvimbo peKagishu (zvinoreva kuti 'banga'), vakachinja zita racho kuva Ruita (zvinoreva 'kubvisa chimwe chinhu chine ngozi').

- Kereke diki yakateerera mirairo yaMwari yekuvhura chikoro chevana vadiki vepuraimi.
- Mwari akaunza vadzidzi nevanhu vanozvipira kubatsira vakawanda.
- Kutendeka kwavo kwakaita kuti vagume vane zvikoro zvemazera ose kubva kuvadiki kusvika kuvakuru. Zvakakonzera zvekare kuti vanhu vazhinji vatendeuke kunaMwari.

Mwari vanotarisa kuti mumwe nemumwe wedu ashandise zvaAkatipa.

Mateo 25:14-30 pfupiso:

- Jesu akataura mufananidzo wemurume akapa muranda wake mari dzakasiyana-siyana. Murume wacho akavaudza kuti vashandise mari yacho iye ari parwendo. Zvino wakati adzoka, varanda vakarondedzera kwavari zvavakange vaita. Kuvaranda vakashandisa mari zvakanaka, kunyangwe yaive mari shoma, akati (v.21 uye ndima.23):

'Waita zvakanaka, muranda akanaka uye akatendeka! Wakanga wakatendeka pazvinhu zvishoma; ndichakuita mutariri wezvinhu zvizhinji. Huya ugogoverana mufaro watenzi wako!'

- Akatsamwira muranda uyo asina kushandisa mari, asi akaiviga kuti achengetedze. Akadzinga muranda uyu, akapa mumwe muranda mari yacho.
- Pfungwa yaJesu yaiva yokuti mumwe nomumwe anofanira kushandisa chero chaakapihwa naMwari kuti avake huMambo hwaMwari

Mhedziso uye Mashandisiro

- Basa reChechi semuviri waJesu harisi remweya chete, asi nerenyama.
- Jesu akauya kuzoshumira, uye isu takafanirwawo kushumira. Mwari vanotarisa kuti tishandise zvese zvavakatipa.
- Imwe nzira yekushumira ndeye kutora chikamu muchirongwa cheMabasa eRudo chatakaronga.

MUFUNDISI: *Ipai ruzivo rweChiito cheRudo chakarongwa nehutungamiriri (vachishandisa Bhuku reKuronga Mabasa eRudo), uye kokai vanhu kuti vashande pamwechete.*

Bhuku reKuronga Mabasa eRudo

Sarudzai Komiti yeMabasa eRudo

Mabasa eRudo anokosha zvikuru pakutsvaga Humambo hwaMwari. Inzira iyo Chechi inogona kuvhenekera chiedza chedu nekubatsira nharaunda dzedu kuti dzive dzakanyanya kuita seHumambo hwaMwari.

Iwe unofanirwa kusarudza boka revanhu kuronga Mabasa eRudo enguva dzose. Ava vanogona kuva vatungamiri vekereke yako kana rimwe boka. Boka iri richa:

- Sangana nguva nenguva kunamata uye kutsvaga huchenjeri hwaMwari hweMabasa eRudo.
- Ronga Mabasa eRudo, uye kuona kuti Mabasa eRudo anoitika.
- Batsira munhu wese mukereke apinde muchirongwa.
- Kufunga zvakafamba zvakana uye kufunga naizvo zvingaitwe zvakasiyana nguva inotevera.

Hunhu hweMabasa erudo (ongororo)

- Anoitwa kuratidza rudo rwaMwari
 - Chinangwa chedu ndechekuratidza vanhu rudo rwaMwari. Hatidi kuti chero ani zvake anzwe seanoshandiswa, kunge tinovabatsira kuti vaende kucheche chete.
- Anoitwa mukuteerera Mwari
 - Tinoita zvatinoratidzwa naMwari kuti tiite, kunyange zvisina musoro kwatiri.
- Madiki uye Arinyore
 - Tinoda kuti Mabasa edu eRudo ave madiki uye ari nyore kuitira kuti ave nyore kupedza uye vanhu vazhinji vabatanidzwe maari.
- Anoitwa tichishandisa zviwanikwa zvedu
 - Tinoda kushandisa zviwanikwa zvatinaivo. Uku kuratidzira kuri nani kwerudo kunharaunda yedu. Kazhinji, patinoshandisa zvatinaivo, Mwari anozviwanza.
- Anoitwa kuburikidza nesimba raMwari
 - Tinopera simba kana tikaedza kuita Mabasa erudo nesimba redu pachedu. Namata uchikumbira Mwari kuti vakupe simba raunoda.
- Batanidzira vanhu vakawanda sezvinobvira
 - Tinoda kubatanidza vanhu vakawanda sezvinobvira muMabasa edu eRudo. Tinoda kuona muviri wose waKristu uchishandisa matarenda uye simba ravo kushumira.
- Anoitwa kuti Mwari vakudzwe
 - Tinoda kuti mbiri idzokere kuna Mwari pakupera kwebasa!

Matanho ekuronga Mabasa eRudo

Danho rekutanga: Kunyengetera

- Kuburikidza nesimba raMwari chete ndipo patichaona nharaunda dzedu dzichishandurwa. Tinofanira kupedza nguva pamwe chete mumunamato kana tichida kushanduka.
- Funga nezvezvinhu zvaunokwanisa kuita kubatsira nharaunda yako
- Nyengetera kuti ubatsire **here** pane zvinodikanwa zvega zveega uye kana zvakadaro, **mabatsiriro**. Tora nguva wakanyarara uchiteerera kuti uone kuti Mwari vanokupa pfungwa dzipi.

Danho rechipiri: Sarudza chiitiko

Mwari akapa chero kurudziro here? Kana paine chero munhu ane chero pfungwa dzekuti chii chingaita Basa rakanaka reRudo, vakumbire kuti vagovane nevamwe. Kana muchishanda mumapoka madiki, ita kuti boka rega rega rigovere pfungwa dzaro uye riwane mhinduro kubva kune vamwe. Ongororai pfungwa dzenyu.

- Zvinobatsira mumwe munhu here uye kuratidza rudo?
- Zvidiki uye zviri nyore here? Unogona kuzviita muzuva rimwe chete here?
- Zvinogona kuitwa here uchishandisa zviwanikwa zvaunazvo?
- Zvinobatanidza vanhu vakawanda sezvinobvira here?

Pamwe chete, bvumiranai pane zvamunofunga kuti Mwari ari kukutungamirirai kuita.

Danho rechitatu: Gadzirai chironzwa

Kurukurai mibvunzo inotevera. Kana zvichiita, ita kuti mumwe munhu anyore mhinduro dzacho kuti usazokanganwa.

- Uchabatsira ani?
- Uchaita sei?
- Ndezvipi zvekushandisa zvaunoda? Zvinhu izvozvo uchazviwanepi? Ndiani achazvitora?
- Ndiani achatora chikamu mukubatsira? Ndiani achakoka munhu wese?
- Nderipi zuva ramuchazviita?

Danho rechina: Kunyengetera

Kana mapedza kunyora hurongwa, wanai nguva yekunamata zvakare. Kumbirai Mwari kuti akubatsirei kupedzisa chironzwa uye kuwanza budiriro yazvo. Namata kuti zita rake rikudzwe.

Danho rechishanu: Goverai hurongwa hwakazara kuUngano.

Kurudzirai vanhu vakawanda sezvinobvira kuti vatore chikamu. Mukati mevhiki kana kana mbiri dzinotevera, imi neungano muchigadzirira basa renyu, mose munofanira kunge muchinyengetera kuti Mwari akubatsirei pabasa racho.

Danho rechitanhatu: Itai basa ramakaronga

Danho rinotevera nderekuita basa ramakaronga. Tangai zuva nemunamato uye muzvipire kunaMwari. Rangarirai kuti muri kuita chironzwa ichi kuratidza rudo rwaMwari kunharaunda yenyu. Edzai kuchengetedza mafungiro anoenderana nechinangwa ichi.

Danho rechinomwe: Ongororai

Mushure mekuita Mabasa eRudo, tinofanira kuongorora. Izvi zvinotibatsira kudzidza. Izvo hazvidi kuve zvakareba; munogona kungotora maminetsi mashoma ekukurukura iyi mibvunzo:

- Ndezvipi zvafamba zvakanaka?
- Chii chisina kufamba zvakanaka? Ndedzipi gadziridzo dzamungaite pachironzwa?
- Mabudiro aive sezvamaida here? Kana zvisina kudaro, nei?
- Mwari akakudzwa here?

Danho rechisere: Mhan'arai

Taurai nezvemabasa eRudo nemhedzisiro yacho kuungano yese uye Mudzidzisi wenyu mukuru. Ivai nekutenda nekurumbidza Mwari nekuve nemi uye nekukubatsirai!

Danho rechipfumbamwe: Itai zvakare!